

Bezwen finansye ak vulnerabilite pou tonbe nan esklavaj modèn ak trafik moun an Ayiti

Rapò rechèch, Avril 2023

FAST ak INURED



**UNU
CPR**

FAST
FINANCE AGAINST
SLAVERY & TRAFFICKING



Konsènan INURED

Institut Interuniversitaire de Recherche et Développement (INURED) se yon enstistisyon rechèch ki base an Ayiti depi 2007. Misyon li se ankourage pwodiskyon sou konesans nan peyi a e pèmèt tout moun gen aksè ak konesans sa yo nan objektif pou elabore politik publik epitou dokimante sa k'ap fèt nan peyi a.

Konsènan FAST

Finans kont esklavaj modèn ak trafik (FAST) se yon pwogram Sant Rechèch sou Politik Inivèsite Nasyonzini (UNU-CPR), ki vize mobilize sektè finansye a kont esklavaj modèn ak trafik moun. Avèk yon apwòch pou bati alyans ak travay ki chita sou apwòch ki base sou prèv ak analiz solid, FAST bay zouti ak fòmasyon pou lidè sektè finansye yo pran mezi ki serye kont esklavaj modèn ak trafik moun. Baze nan New York, UNU CPR se yon gwoup refleksyon ki endependan nan sistèm Nasyonzini an. Li konbine ekselans rechèch ak konesans apwofondi nan sistèm multilateral la pou jwenn solisyon inovatè pou defi politik publik mondal aktyèl ak fiti yo.

Remèsiman

INURED eksprime rekonsans li ak plizyè enstisyon an Ayiti ak eletranje ki te patisipe nan etid sa. Nou remèsye manm ekip rechèch nou an, espesyalman Dabouze Estinvil (Chèf ekip la) Pierre Rigaud Dubuisson, Catherine Hermantin, Esther Osias, Juny LaBonté, Pascal Senatus, ak Thamarah Lindor pou devouman yo ak rigè yo te montre pandan reyalizasyon etid sa. Nou remèsye ekspè enklizyon finansye nou yo pou analiz yo nan etid sa a. Finalman, nou gen rekonesans anvè moun vanyan ki te patisipe nan etid sa a, malgre plizyè kriz yo te fè fas, sitou sitiayson ensekirite k ap grandi an Ayiti. Nou espere travay sa a pral kontribye nan devlopman yon sosyete ki pi enklizif pou tout moun.

Avètisman

Opinyon ki anndan rapò rechèch sa a pa fòseman reflete politik ak pozisyon ofisyèl Inivèsite Nasyonzini.

Seri rapò rechèch UNU-CPR

Rapò rechèch UNU-CPR prezante prèv ak done yo kolekte nan kad pwojè ak inisyativ rechèch UNU-CPR. Rapò sa yo diskite tou sou enplikasyon rezulta rechèch la e li sigjere rekòmandasyon kle pou elaborasyon politik yo ak enfluiyans.

ISBN: 978-92-808-6596-7 © United Nations University, April 2023.

Tout kontni (tèks, vizualizasyon, grafik), eksepte si pa gen yon endikasyon oswa yon atribisyon ki kontré, yo pibliye yo anba yon Licence Creative Commons Attribution-NonCommercial-ShareAlike IGO (CC BY-NC-SA 3.0 IGO). Itilizasyon, difizyon, oswa sitasyon sa ki gen nan rapo a pa bezwen pèmisyon alavans.

Sitasyon: FAST ak INURED, " Bezwén finansye an Ayiti ak vilnerabilite ak esklavaj modèn ak trafik moun ", Rapò Rechèch UNU-CPR (New York: Inivèsite Nasyonzini, 2023).

Bezwen finansye ak vulnerabilite pou tonbe nan esklavaj modèn ak trafik moun an Ayiti

Rapò rechèch, Avril 2023

FAST ak INURED



Ministry of Foreign Affairs



THE GOVERNMENT
OF THE GRAND DUCHY OF LUXEMBOURG



Australian Government
Department of Foreign Affairs and Trade



HUMANITY
UNITED

TAROM FOUNDATION
VADUZ

STIFTUNG
FÜRSTLICHER KOMMERZIENRAT
Guido Feger

Norad



LIECHTENSTEIN
BANKERS ASSOCIATION

Rezime Egzekitif

Enklizyon finansye vle di fasilité aksè responsab ak dirab sèvis bank ak lòt enstitisyon kap by sèvis finans nan peyi a; yon sèvis ki abòdab pou moun ki pi bezwen yo.¹ Esklizyon finansyè miltipliye risk pou moun tonbe nan esklavaj modèn. Esklavaj modèn se yon tèm jeneral ki « [kouvri yon seri nosyon jirdik espesifik tankou travay fòse, esklavaj pou dèt, maryaj fòse, lòt fòm esklavaj ak pratik ki sanble ak esklavaj, ansanm ak trafik moun](#) ».

Inisyativ « Finans Kont Esklavaj ak Trafik » (FAST) Sant Rechèch sou Politik Inivèsite Nasyonzini (UNU-CPR) reyini yon gwoup konsilitatif pou Amerik Latin ak Karayib la. Gwoup sa a gen ladan li aktè milti-sektoryèl k ap travay nan rejon an oswa avèk otorite rejon an pou amelyore enklizyon finansye pou sivivan ak moun ki ekspose ak esklavaj ak trafik moun. Ayiti se youn nan payi ki pi frajil nan mond lan selon tout endikatè sosyal, ekonomik, politik ak koyezyon sosyal. FAST ak gwoup konsilitatif la te konstate akòz plizyè kriz ak kondisyon ki vin pi grav sou teren an, popilasyon an Ayiti te de plizanpli ak risk pou esklavaj ak trafik moun.

Nan mwa jen 2022, FAST te lanse yon etid eksploratwa sou « **bezwen finansye ak vilnerabilite pou tonbe nan esklavaj modèn ak trafik moun an Ayiti** » [l'Institut interuniversitaire de Recherche et de Développement](#) (INURED), yon enstiti ki te etabli an Ayiti, ki fè prèv li nan bay livrezon bon jan kalite travay nan peyi a. Etid sa a gade defi finansye ayisen yo¹ fè fas ak fason eksklizyon finansye fè yo vilnerab ak esklavaj modèn, ansanm ak trafik moun. Etid la soulve kesyon enpòtan pou sektè finansye a considere nan efò l ap fè pou anpeche esklavaj modèn an Ayiti. Kesyon sa yo vin pi enpòtan an paske kominate entènasyonal la ap chèche adrese l pandan l ap fè efò pou redwui konsekans konfli ak enstabilite k ap vin pi grav ki afekte popilasyon ayisen an.

Defi yo ka sanble konsiderab, men gen espwa. Jan etid sa a montre, byenke kriz politik, ekonomik, sosyal ak anviwonmantal yo febli majorite popilasyon an epitou redwui resous yo, gen kèk segman nan popilasyon sa a ki rive konstiwi pwòp zouti pa yo pou diminye vilnerabilite finansye ak risk eksplwatasyon kominate yo ekspose. Pandan aktè sektè finansye yo ap etidy fason pou yo ogmante chandaksyon yo an Ayiti, yo ta dwe tou idantifye epi, kote sa posib, eksplore fason pou yo entegre zouti finansye andojèn tankou sa nou idantifye yo, nan pwòp pwodwi ak sèvis sektè finansye a ap ofri.

Metodoloji

Ant mwa jen ak desanm 2022, INURED te fè yon etid preliminè pou eksplore opòtinite ak defi ki gen rapò ak enklizyon finansye popilasyon ki pi vilnerab an Ayiti.

Etid la te gen twa objektif jeneral:

- idantifye ak karakterize fòm vilnerabilite entèsekson ki lye ak esklavaj modèn ak trafik moun, an patikilye bezwen finansye imigran ayisen yo sou tè peyi Ayiti ak sou divès wout kote yo fè tranzit te pandan migrasyon yo;
- karakterize anviwòrnan sosyal enstitisyon finansye lokal yo ak pèsepsyon tout popilasyon an sou sektè finansye an Ayiti;
- detèmine aks pou rechèch ak entèvansyon pou lavni sou vilnerabilite entèsekson ki gen rapò ak trafik moun, ansanm ak disponiblite ak aksè a sèvis finansye an Ayiti ak lòt kontèks menm jan an nan enstabilite politik, konfli ak/oswa kriz klimatik.

Etid la enkli yon analiz bibliyografik, yon analiz dokimantè, yon ankèt sou yon ti echantyon 90 chèf fanmi nan 3 (nan 10) rejon administratif peyi a, ansanm ak entèvou semi-estrikture ki vize 38 aktè kle nan sektè finansye a ki angaje yo lokalman.

Rezulta Etid la

Defini vilnerabilite

Dapre Ofis Nasyonzini kont trafik dròg ak krim (ONUDC [2](#)), bezwen ekonomik se prensipal faktè risk trafikan yo ekspligate. Rezulta etid sa a konfime ke mank lajan ak aksè nan sèvis finansye yo konstitye prensipal faktè vilnerabilite nan eksplwatasyon pou Ayisen. Nou te idantifye tou sèvis finansye kominate a te kreye te sèvi kòm avantaj ak kòm faktè pwoteksyon pou popilasyon ki pa jwenn bon jan sèvis yo . Lè yo te mande sa yo panse ki fè moun vilnerab a eksplwatasyon ak abi nan kontèks ayisen an, patisipan nan etid la montre ensekirite ki gen rapò ak lajan, manje ak lojman. Yo te defini yon moun vilnerab kòm yon moun ki manke resous debaz sa yo epi kòm moun ki pa ka sipòte tèt yo, sitou timoun ak granmoun aje yo.

1 Moun ki ap viv an Ayiti, ak moun ki vle imigre yo ak moun ki vle retounen nan peyi a apre migrasyon yo

2 Bezwen finansye ak vilnerabilite pou tonbe nan esklavaj modèn ak trafik moun an Ayiti

Menm jan an tou, yo te idantifye migrasyon kòm yon peryòd vilnerabilite ogmante, osi byen ke yon reprezentasyon nan nivo vilnerabilite ki egziste deja. Li te souvan prezante kòm yon desizyon ki kondwi pa yon konbinezon yon seri faktè ki gen ladan dezi pou diminye vilnerabilite finansye. Pou reponn kesyon pèsepsyon yo genyen sou lyen ki genyen ant vilnerabilite ak migrasyon, patisipan yo te idantifye risk, tankou eksplwatasyon, vyolans seksyèl, vòl, anlèvman, depòtasyon ak lòt danje. Sepandan, risk sa yo pa t konsidere kòm yon preventif pa migran potansyèl yo ki rapòte ke yo fè fas ak vilnerabilite menm jan an an Ayiti: « *Nou déjà maltrete nan pwòp peyi nou , Lè sa a, plenyen sou fason yo trete nou sou wout [migrasyon] yo oswa nan peyi destinasyon an pa itil anyen ; nou konnen ke ayisyen yo trete tankou moun ki pa vo anyen* ». Nan absans yon altènativ solid, patisipan yo nan etid la te dekri migrasyon kòm yon estrateji pou siviv finansyèman ki gen gwo risk ak gwo rekonzans tou.

Kòm yon patisipan te di, moun ki vilherab yo se moun ki « ...viv ojoulejou san yo pa kapab pran swen tèt yo epi voye pitit yo lekòl ». Pou anpil patisipan, fèmen moun ak fanmi yo nan povrete degoutan ki anpeche yo satisfè bezwen debaz yo ak ranpli obligasyon yo se yon pati nan rezo vilnerabilite kolektif sa a. Vilnerabilite finansye ki gen ladan I esklizyon finansye gen konsekans grav sou sosyete ayisyen an. Patisipan nan etid la te lye vilnerabilite finansye ak bann vyolans òganize (gang) ki gen kounye a ki ogmante nan zòn iben yo ki ogmante tou risk pou trafik moun.

Esklyzon finansye

Aktyèlman, Ayiti anba gwo siveyans akoz li pa satisfè nòm kont blanchi lajan ki tabli pa Gwoup Aksyon Finansye Entènasyonal (GAFI)^{iv}. Kesyon sa a gen yon enpak sou konfyans nan sistèm finansye fòmèl la. Patisipan nan etid la eksprime enkyetid konsènan fonksyonman enstitisyon finansye an Ayiti ak kalite sèvis yo. Plis pase yon senkyèm nan moun ki reponn yo pa fè konfyans enstitisyon finansye. Yon kantite egal moun jwenn frè yo ak to enterè yo twò wo; lòt moun site move kalite sèvis yo pandan y ap sinyale mank transparans nan politik ak pwosed yo.

Patisipan yo nan ankèt la rapòte ke aksè a sèvis bankè yo te limite. Pi piti pase yon diyèm moun te gen yon kat debi, ak yon sèl moun te di ke yo te gen yon kat kredi. Moun ki nan zòn riral yo te patikilyèman mal sèvi oswa konplètman eskli nan sektè finansye a, sa ki an akò ak etid avan yo^{vii} .. Prèske de senkyèm nan patisipan yo te di ke yo pa t 'gen yon kont labank akòz yo pa gen revni. Gen lòt ki endike ke pwoblèm lojistik (egzanp distans), baryè estrikfirèl (egzanp aksè ensifizan nan kesyon garanti) ak lòt kondisyon bankè (egzanp dokiman ofisyèl, lòt kondisyon ke yo egzije deja) anpeche aksè

yo nan sèvis finansye. Patisipan sa yo te wè tou yon dezakò ant kalite sèvis finansye bank yo ofri an Ayiti ak reyalite sosyo-ekonomik yo ak bezwen devlopman lokal kominote ki gen yon popilasyon vilnerab: « ...bank yo pa prete nenpòt moun ankò, yo pa prete moun pòv yo. Yo gen tandans prete lajan a moun ki gen non, tandiske kowoperativ prete lajan ak moun ki pòv yo. »

Aksè aktyèl ak itilizasyon sèvis finansye yo

Founisè sèvis finansye altènatif ak enfòmèl yo konsidere kòm founisè yo ki ofri pi bon opòtinite pou enklizyon finansye, e nan kèk ka yo menm sèlman. Antite sa yo bay kèk pwoteksyon kont eksplwatasyon. Etid sa a prezante yon egzanp ekselan atravè ka yon òganizasyon solidarite mityèl ki te kreye yon bank kominotè lokal nan Les Anglais.

Prèske tout patisipan yo deklare yo sèvi ak teknoloji sèvis lajan mobil, tankou Moncash ak Natcash. Itilizasyon sa a sijere ke, malgre enfrastrikti telekomunikasyon ki fèb li yo, Ayiti se yon pyonye nan rejon li an an tèm de sèvis finansye dijital, e ke li ta ka ogmante wòl sa a nan angaje segman nan popilasyon defavorize an istorikman ak sistematiikan.

Mityèl solidarite yo ke moun jwenn anpil nan zòn riral ki pa gen anpil enstitisyon finansye fòmèl a dispozisyon yo, ak sòl yo (gwoou epay ki gen wotasyon e ki enfòmèl, tradisyonèl nan Karayib ak nan Dyaspora a) se te metòd yo pi pito, pafwa sèl metòd sa , patisipan yo itilize (patikilyèman fanm yo) pou yo fè epay ak jwenn aksè nan prè. Entèvyou yo te montre ke sèvis enfòmèl sa yo se lajman byen ke kominote yo te kreye; yo non sèlman ranpli yon twou vid ki genyen nan òf sèvis finansye yo, men tou yo ede kominote vilnerab yo absòbe chòk ekonomik nan moman kriz.

Nan sitiyasyon detrè, patisipan yo ka vin pran prè ki gen gwo enterè nan men biznisman lokal yo oswa lòt notab. Kalite prè sa a rele I ponya. Malgre ke pouvantaj itilizasyon ponya yo te rapòte a relativman ba, popilasyon iben yo te gen kat fwa plis chans pou yo sèvi ak li pase popilasyon riral yo. An patikilye, fanm yo te gen plis chans pase gason yo angaje yo nan pratik danjere sa a ki pyèje moun ki pi pòv nan kominote a nan sèk andètman an, ki gen efè ogmante vilnerabilite yo nan abi ak nan eksplwatasyon.

Konklizyon

Nou poko konn anpil bagay sou esklavaj modèn jan moun yo viv li an Ayiti; poutan, sitiyasyon kriz aktyèl la pa kite dout ke sa a se yon pwoblèm grav ki mande yon atansyon imeda. Pou apwofondi konpreyansyon nou

sou fenomèn nan, nou sètènman espere plis envestisman nan rechèch ak entèvansyon. Vrèmanvre, ankouraje enklizyon finansye pamì popilasyon ki pi vilnerab yo se yon estrateji klè ki kapab redui sikontans ki bay esklavaj modèn lan.

Etid eksploratwa sa a bay yon analiz anpirik sou bezwen finansye popilasyon iben ak riral an Ayiti ak vilnerabilite yo ap fè fas. Li revele nivo ekstrèm vilnerabilite finansye ki ogmante vilnerabilite anpil Ayisyen pou eksplwatasyon ak abi. Etid la fè limyè tou sou fason, ak aksè limite ak

sèvis finansye fòmèl, kominote vilnerab yo te devlope pwòp repons nan kesyon sèvis finansye enfòmèl yo nan yon efò pou konsève kapasite pou yo rekanpe lè gen plizyè chòk politik, ekonomik, sosyal ak anviwònman ke peyi a te soufri. Yon apwòch konplemantè ki vize a konsepsyon pwodwi ak sèvis finansye pou ogmante aksè pou moun ki pi vilnerab yo, epi pran an konsiderasyon byen ki nan kominote a popilasyon sa yo kreye, pral vin apwòch ki pi efikas pou kreye yon sektè finansye ki pi enklizif an Ayiti.

Rekomendasyon

1. Sipòte efò kolaborasyon pou bay divès kalite sèvis finansye fòmèl bay popilasyon ki pa jwenn bon sèvis an Ayiti

- Retrè IFI yo nan etap sa a ta gen konsekans negatif sou [sekirite popilasyon ayisyen an](#), an patikilye moun ki pi vilnerab a esklavaj modèn lan.
- Yo ta dwe konsidere kolaborasyon entè-sektoryèl pou konprann iregilarite volim monetè yo ak risk ki asosye yo pou popilasyon ki pa gen sèvis bankè nan kontèks kriz sa a. Kidonk, kolaborasyon ant bank ayisyen yo, inisiativ mikwofinans (MFI) ak operatè rezo mobil yo ak FinTech yo ta ka, pa egzanp, ogmante seri sèvis ak pwodwi yo ofri pou popilasyon ki pa jwenn bon sèvi yo.
- [Pwoblèm pwoteksyon konsomatè yo](#) ta dwe entegre nan konsepsyon ak lansman pwodwi yo, ansanm ak [evalyasyon enpak yo](#). Yo ta ka etabli tèm kondisyon jeneral ki fasil pou konprann epi yo ka bay enfòmasyon sou to enterè ak frè pou ogmante transparans nan sektè bankè a epi kidonk konfyans konsomatè yo.
- Nan absans ajans evalyasyon kredi, bank yo ta dwe konsidere plis kolaborasyon ak FinTechs ak lòt founisè teknoloji pou kreye platfòm ki pral pèmèt konstriksyon ak rapò sou evalyasyon risk kliyan yo. PME ta dwe entegre estrateji sa a pou amelyore aksè a kredi.

2. Eksplor fason pou konsève ak ranfòse sèvis finansye enfòmèl an Ayiti (egzanp mityèl solidarite, kowoperativ ak sòl)

- Aktè sektè finansye yo ka ankouraje epi devlope lespri antreprenarya endivididyèl ak kominotè lè yo envesti nan lidèchip finansye ak integrasyon ekonomik famn yo.
- Aktè imanitè ak regilatè finansye yo ta ka anseye kominate yo pou yo idantifye sòl, mityèl ak kowoperativ solidarite ki byen fonksyone, ansanm ak lòt sèvis finansye enfòmèl oswa altènatif ki ta ka febli nan yon peryòd kriz [la](#) nou bay yon egzanp sou ki kalite konsève ke regilatè a ta ka bay.

3. Bay priyorite ak moun ki pi vilnerab a esklavaj modèn nan estrateji enklizyon finansye ak aktivite otonòm ekonomik, pandan ak apre kriz la.

- Gwoup ki gen risk yo idantifye yo se: jèn gason ak

jèn fi (16 ak 17 an), popilasyon riral yo, famm, imigran ki retounen ak moun ki travay nan sektè ki gen gwo risk (egzanp travay domestik, konstriksyon, touris) an Ayiti, travèse fwontyè a (an Repiblik Dominikèn) ak sou wout migrasyon nòmal yo.

- Sektè finansye a, gouvènman an ak òganizasyon miltilateral yo dwe jwe yon wòl kle nan devlope estrateji pou enkli moun ki pi vilnerab yo ak batí konfyans nan enstitisyon finansye yo.
- Konplemantè ak estrateji enklizyon finansye, yo ta ka konsidere aktivite otonòm ekonomik, tankou kanpay edikasyon /alfabetizasyon finansye, fòmasyon konpetans ak opòtinite pou sipòte tèt yo.

4. Kontwole efè pèvè yo - esklizyon finansye ogmante oswa alontèm ak lòt vilnerabilite nan esklavaj modèn lan - pandan ak apre rejim sanksyon sible Nasyonzini an.

- Gwoup ekspè Nasyonzini an ki responsab rejim sanksyon an ta pi byen plase pou kontwole efè pèvè administrasyon rejim sanksyon an. Sepandan, yo ta dwe konsidere tou pou pwolonje manda li nan siveyans apre sanksyon yo.
- Gen yon nesesite pou amelyore koleksyon done nasyonal ak rejjonal sou nati ak dimansyon risk esklavaj modèn yo ap fè fas ak diferan gwoup demografik an Ayiti, objektif la se batí yon liy debaz pou fè yon suivi. Wòl òganizasyon miltilateral yo gen gwo enpòtans, an patikilye pa gwoup Pwoteksyon Global pou Ayiti (OIM), ONUDC ak HCR. Yon etid sou gwo echèl sou divès baryè ki genyen nan enklizyon finansye ak sitiyasyon ak eksperyans vilnerabilite nan esklavaj modèn nan zòn riral ak iben an Ayiti ta ka apwofondi konpreyansyon sa a.
- Sèvi ak eksperyans ekspè nan kominate a (sosyete sivil, ONG ak sivivan esklavaj modèn) kapab tou enfòme pwosesis swivi gwoup ekspè a.
- Patenarya piblik/prive ki entegre sektè finansye a (ki gen ladan envestisè yo) ta dwe devlope pou amelyore pratik ak politik pou idantifikasiyon, rediksyon, tretman ak prevansyon esklavaj modèn an Ayiti.

-
- i World Bank, *Financial Capability and Inclusion in Haiti: Result of a Demand-side Survey* (Washington, DC: World Bank, 2019). Accessible at: <https://openknowledge.worldbank.org/handle/10986/33180>.
 - ii United Nations Office on Drugs and Crime (UNODC), *Global Report on Trafficking in Persons 2020* (New York: United Nations, 2022). Accessible at: https://www.unodc.org/documents/data-and-analysis/tip/2021/GLOTIP_2020_15jan_web.pdf.
 - iii UNODC, *Global Report on Trafficking in Persons 2022*.
"Jurisdictions under increased monitoring – June 2021,"
 - v Financial Action Task Force (FAFT), dernier accès le 28 février 2023, <https://www.fatf-gafi.org/publications/high-risk-and-other-monitored-jurisdictions/documents/increased-monitoring-june-2021.html#Haiti>.
 - vi "FinScope Consumer Survey Haiti 2018," FinMark Trust, dernier accès le 28 février 2023, <https://finmark.org.za/system/documents/files/000/000/188/original/FinScope-Haiti-2018-Final-Launch-24-April-2019-English.pdf?1601969395>.
 - vi World Bank, *Financial Capability and Inclusion in Haiti: Result of a Demand-side Survey*

Konsènan UNU-CPR

Sant pou Rechèch Politik Inivèsite Nasyonzini (UNU-CPR) se yon gwoup refleksyon nan Nasyonzini ki fè rechèch ki oryante sou politik, sou kesyon ki gen enterè estratejik ak enpòtans pou Nasyonzini ak Eta Manb li yo. Sant lan bay priorite ak bezwen politik ijan ki mande solisyon inovatè ak pratik ki vize pou aplikasyon imedya.

Sant la ofri konesans apwofondi sou sistèm miltilateral la ak yon gwo rezo patnè andedan ak deyò Nasyonzini. Dokiman fondamantal Inivèsite Nasyonzini an, fòmèlman adopte pa Asanble Jeneral la an 1973, bay Sant la endependans akademik, ki asire rechèch li yo fèt san patipri epitou baze sou yon evalyasyon objektif pratik ak politik publik yo.

cpr.unu.edu

New York (Headquarters)

767 Third Avenue 35B
New York, NY 10017
United States
Tel: +1-646-905-5225
Email: comms-cpr@unu.edu

Geneva

23 Avenue de France
Geneva
Switzerland
Tel: +1-917-225-0199
Email: adam.day@unu.edu